



Advocates for Children of New York

Protecting every child's right to learn

Rezime Chanjman ki fèt nan Kondisyon Gradyasyon akòz COVID-19

Pou gradye nan lekòl segondè nan Nouyòk, elèv yo bezwen gen jeneralman 22 kredi (44 kredi nan NYC) epi yo dwe pase egzamen 4+1. Pou plis detay, gade gid AFC sou [Pwomosyon Lekòl Segondè ak kondisyon Gradyasyon](#) & [Opsyon Gradyasyon pou elèv ki andikape](#).

Kondisyon kou yo pa chanje pandan COVID-19 la. Men, egzamen Regents yo te anile nan mwa Jen ak Out 2020; Janvyè, Jen ak Out 2021; ak Janvyè 2022.¹ Eta Nouyòk te chanje kondisyon gradyasyon yo tou pou elèv ki te planifye pou yo pran youn oswa plizyè nan egzamen sa yo. Pi ba a, gen yon rezime chanjman sa yo.

Pou plis enfòmasyon ki soti nan Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (NYSED), tanpri gade: [Gid](#) ak [FAQ](#) Jen & Out 2020; [Gid](#) ak [FAQ](#) Janvyè 2021; [Gid](#) ak [FAQ](#) Jen & Out 2021; ak [Gid](#) ak [FAQ](#) Janvyè 2022.

Esepsyon pou egzamen Regents yo:

Elèv ki te planifye pou yo pran yon egzamen Regents ki te anile akòz COVID-19 la ka gradye san yo pa yon egzamen Regents nan matyè sa a si NENPÒT nan ka ki annapre yo aplike:

- Yo te pran yon kou Regents oswa yon pwogram ratrapaj EPI yo te gen tout kredi nan sekans yo nan fen premye semès ane lekòl 2021-22 a; OSWA
- Antanke elèv 7yèm oswa 8yèm ane, yo te pase yon kou Regents nan ane lekòl 2019-20 oswa 2020-21.

Ki jan esepsyon pou egzamen Regents yo akòz COVID-19 la ap parèt sou relve nòt mwen?

- Ou ta dwe wè yon "WA" oswa "E" bò kote egzamen an sou relve nòt ou a. Si w panse ou kalifye pou yon esepsyon epi ou pa wè li sou relve nòt ou a, pale ak konseye pedagogik ou a san pèdi tan.
- Ou ka gradye ak yon diplòm Regents si w gen yon esepsyon akòz COVID-19 nan egzamen 4+1, oswa si w konbine esepsyon akòz COVID-19 la ak nòt ki te fè w pase nan egzamen Regents.
- Yo fè detèminasyon diplòm Honors/Advanced Regents yo san yo pa konsidere nòt egzamen Regents ki nan esepsyon yo.
- Opsyon Filè Sekirite toujou disponib pou elèv ki gen andikap ak Elèv k ap aprann Lang Anglè. Pou plis enfòmasyon, gade Gid AFC sou [Opsyon gradyasyon nan lekòl segondè pou elèv andikape](#) ak [Règleman gradyasyon pou moun Elèv k ap aprann Lang Anglè](#). Nòt: elèv ki gen andikap k ap itilize ak Konpansasyon Filè Sekirite a pa kapab jwenn yon esepsyon akòz COVID-19 pou konpanse nòt egzamen Regents ki pi ba (45-54) nan yon lòt matyè.

¹ Egzamen US History Regents te anile tou nan mwa Jen 2022, men se pa akòz COVID-19 la. Si w te sipoze pase egzamen Regents sa a, ou kalifye pou yon esepsyon Regents.

Si mwen te refize yon esepasyon akoz COVID-19, èske mwen ka mande pou m genyen l kounye a?

Non. Pandan ane lekòl 2019-20, 2020-21 ak 2021-22, paran yo te gen opsyon pou yo refize esepasyon akoz COVID-19 yo. Elèv yo, kèlkeswa laj yo, pa t kapab refize esepasyon an pou tèt yo. Paran yo ka chwazi refize kèk esepasyon epi aksepte lòt. Yon fwa yon paran refize, ou pa ka mande esepasyon an pi devan.

Apèl pou Egzamen Regents

An jeneral, ou ka fè apèl pou egzamen Regents sèlman si w:

1. Fè yon nòt ki ant 60-64 nan egzamen an;
2. Fè egzamen an omwen de fwa;
3. Resevwa èd akademik nan lekòl la nan matyè a; AK
4. Jwenn yon rekòmandasyon nan men pwofesè w la oswa chèf depatman an.

Pandan COVID-19 la, kondisyon pou apèl yo pi fleksib. Si w pran yon egzamen Regents soti Jen 2022 rive Out 2023, ou ka fè apèl si w :

1. Fè yon nòt ki ant 50-64 nan egzamen an; AK
2. Pase kou Regents ki konsène a

Ou pa bezwen ranpli okenn nan lòt kondisyon ki anwo yo pou fè apèl pou nòt ou, epi pa gen limit sou kantite egzamen ou ka fè apèl pandan peryòd tan an. Pou plis enfòmasyon, gade [fèy konsèy ACF](#).

Ekivalans nan lekòl segondè & GED

An jeneral, elèv ki kite lekòl segondè san yon diplòm ka jwenn yon diplòm Ekivalans Etid Segondè (HSE) lè yo pase 4 sou tès GED yo: Matematik, Syans, Etid Sosyal, ak Rezonman Atravè Langaj. Soti nan 2014 jiska 2021, Nouyòk te itilize yon egzamen HSE diferan ki rele TASC. Yo pa ofri TASC la ankò.

Elèv yo ka jwenn diplòm HSE yo tou lè yo konbine nòt ki pase nan egzamen GED yo, nòt ki pase nan egzamen Regents, esepasyon egzamen Regents akoz COVID-19 la, ak nòt ki pase nan egzamen TASC la. **Elèv yo dwe toujou pase omwen yon sou tès GED pou jwenn yon diplòm HSE.** Pou plis detay, gade [NYSED FAQ](#) ak gid AFC pou [Pase nan GED](#).

Fèy enfòmasyon sa a pa reprezante konsèy legal. Fèy enfòmasyon sa a eseye rezime politik oswa lwa ki egziste deja san yo pa bay opinyon AFC. Si w gen yon pwoblèm legal, tanpri kontakte yon konseye jiridik oswa yon avoka.

Dwa dotè © Jen 2022 pou Defansè timoun Nouyòk, Inc.